# Lafwa nan Domèn Edikasyon

*Dinamize Kominote Relijye Vil New York la sou Sitiyasyon Edikasyon an nan New York*



# KISA **FAFSA** INIVÈSÈL YE?

**FAFSA Inivèsèl fè referans ak yon politik ki gen yon manda pou konplete FAFSA a kòm yon egzijans gradyasyon, nan lide pou ogmante enskripsyon nan inivèsite pandan l ap fasilite aksè ak èd finansye**

**Elèv nan New York yo te kite $200 milyon dola èd finansye sou tab la**

## Avantaj FAFSA Inivèsèl ofri yo

- Ogmante pwobabilite pou elèv yo enskri nan inivèsite pandan l ap asire l ke yo konplete FAFSA a.
- Ede elèv yo jwenn aksè ak opòtinite èd finansye yo, ki enkli sibvansyon Pell yo ak lòt fòm asistans yo.

FAFSA Inivèsèl prezante yon opòtinite siyifikatif pou ogmante enskripsyon nan inivèsite ak aksè pou èd finansye pou elèv yo. Lè w konprann kisa FAFSA inivèsèl enplike epi lè w sipòte elèv yo pandan pwosesis aplikasyon an, lidè lafwa yo, fanmi yo ak elèv yo kapab kontribiye pou asire ke tout moun ki elijib yo gen aksè egal ego pou jwenn opòtinite pou atenn nivo edikasyon ki pi wo yo.

## Kisa Lidè Lafwa yo Ka Fè?

Lidè Lafwa yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan sansibilize ak ankouraje fanmi ak elèv yo pou yo konplete FAFSA a epi sipòte yo pandan pwosesis aplikasyon an.

**Eskane Kòd QR la pou jwenn aksè ak yon fich enfòmasyon sou enpòtans FAFSA ak kisa ki rann li inivèsèl ta ka vle di pou fanmi ak elèv yo nan NY.**

Vizite FPWA.org epi chèche **Faith in Education (Lafwa nan Domèn Edikasyon)** pou w Aprann Plis ak pou Gen Aksè ak Resous Adisyonèl